



Enstriksyon Janvyè 2021 sou “Prevansyon kont plon”- Lojman prive

Chè pwopriyetè,

Pou n kontinye ak angajman nou genyen pou n bay pwopriyetè yo enfòmasyon sou egzijans yo genyen selon lalwa a, depatman pwoteksyon ak devlopman lojman pral pibliye yon seri bilten chak trimès sou entènèt ak nan imèl. Chak bilten pral mete aksan sou yon pati nan lwa a epi sa pa vle di tout lwa ak tout règleman ki aplikab yo pral kouvri totalman. Ale sou [Sit entènèt HPD](#) pou w ka li bilten sa a ak lòt bilten yo pibliye deja yo nan lòt lang.

Yo fè piblikasyon sa a pou bay enfòmasyon sèlman e yo pa fè l pou bay konsèy jiridik. Enfòmasyon sa a se pa yon deklarasyon konplè oswa definitif sou tout obligasyon mèt kay ak lokatè genyen konsènan lwa ak règleman ki gen rapò ak lojman nan Vil Nouyòk.

Pwochen semènè sou entènèt: Lojman Prive: Konpreyansyon sou Nouvo egzijans konsènan Penti abaz plon

Èske w pare pou fevriye 2021? Tout pwopriyetè nan Vil Nouyòk ki gen yon kay ki gen youn oswa de apatman (lojman prive) ta dwe konnen sa, apati fevriye 2021, lwa Vil la sou sekirite penti abaz plon yo pral aplikab pou kay sa yo si youn oswa toulede nan lwaye. Jwenn avèk nou **Madi 26 janvyè apati 11:00am – 12:30pm** pou w ka konnen ki jan sa konsènekay ou a nan yon semènè y ap fè sou entènèt espesyalman pou pwopriyetè kay prive yo, n ap prezante yon entwodiksyon sou egzijans lalwa fè yo pou avi ak ankèt anyèl, renouvèlman apatman, metòd travay ki asire, jere dosye, vyolasyon HPD, elatriye. Plas yo limite - klike [la a](#) kounye a pou w enskri.

Lè w konsève dosye avi, ankèt ak enspeksyon anyèl yo, sa enpòtan pou w ka gen asirans ou an konfòmite ak lwa lokal 1 an. Pou w ka egzamine kèk modèl ak ki jan pou w ranpli yo, ale nan semènè sou entènèt nou an nan jere dosye: [Jere dosye](#): Yon Gid pou dokimantasyon apwopriye sou konfòmite penti abaz plon – Youtube. W ap jwenn lyen pou lòt semènè sou entènèt yo nan ribrik Edikasyon nan semènè sou entènèt nou an anrapò ak penti abaz plon.

LWA SOU PENTI ABAZ PLON AP APLIKE POU APATMAN KI POU LWE YO NAN 1-2 KAY FAMILYAL APATI 11 FEVRIYE 2021

Plon se yon metal ki gen danjere, pi souvan yo jwenn li nan penti ki la lontan e ki kapab toksik pou jèn timoun yo si l vin tounen pousyè oswa ti moso penti. Jèn timoun yo ka vale pousyè oswa ti moso penti abaz plon. Yo konn jwenn li arebò fenèt oswa atè. Plon ka lakoz jèn timoun yo gen pwoblèm konpòtman ak pwoblèm pou yo aprann. Byenke penti abaz plon yo te entèdi nan Nouyòk nan ane 1960, men kay ki la lontan yo ka toujou gen plon nan yo. Pwopriyetè kay sa yo responsab pou pwoteje lokatè yo kont danje ki genyen nan sèvi ak penti abaz plon. Vil Nouyòk gen sousi pou sante

ak sekirite timoun li yo, se sa k fè depi ane 1980, yo mete plizyè lwa sou danje ki genyen nan penti abaz plon yo.

Nan Vil Nouyòk, lwa lokal 1 nan ane 2004 ak amandman li yo egzije pwopriyetè yo pou idantifye epi elimine tout risk ki makonnen ak penti a baz plon yo nan apatman ki gen timoun. Yo dwe rele yon travayè ki konpetan epi ki konn abitye fè bon travay. **Depi 2004, kèk nan dispozisyon lwa lokal 1 an aplike nan kay rezidansyèl ki gen twa apatman oswa plis. Apati fevriye 2021, tout lwa lokal 1 nan ane 2004 la ap aplikab tou pou apatman ki gen lojman pou yon sèl oswa de lokatè.**

Penti a baz baz plon an sipoze egziste nan kay moun abite ak nan espas kote moun ap rankontre si:

- Kay la te fèt anvan 1ye janvye 1960;
- Batiman an gen apatman pou lwe ki gen lokatè ladan ; ak
- Yon timoun ki gen mwens pase sizan ki rete ladan.
 - “Rete” vle di pase regilyèman 10 èdtan oswa plis chak semèn nan yon kay, sa gen ladan l tou ni yon timoun k ap viv nan kay la, ni yon timoun ki annik vin vizite pandan menm tan sa a.

Amwenske yon pwopriyetè ta fè yon tès sou sifas ki pentire a epi li kenbe yon dosye pou tès sa yo, li dwe fè konnen penti a te fèt ak plon epi li swiv enstriksyon lalwa bay pou fè tout kalite travay ki ta ka trete yon sifas ki te gen penti abaz plon. Lalwa ap aplike tou si kay la te fèt ant 1960 ak 1978 epi pwopriyetè a konnen gen penti a baz plon ki te itilize.

Danje ki gen nan yon penti abaz plon gen ladan :

- Pousyè ki genyen lè penti a ap dekalè
- Penti a baz plon ap dekalè oswa degrade
- Penti abaz plon:
 - Krepisaj la ap fann oswa bwa pouri
 - Pòt ak fenèt ki kole oswa ki fwote ansanm
 - Sipò pou fenèt ak tout lòt espas timoun yo kraze

HPD gen **resous** ki disponib pou ede w konprann lwa a, pou ede w konprann obligasyon legal yo epi pou ede w jwenn mwayen pou w fè reparasyon ki nesèsè yo. Pou w gen yon apèsi jeneral sou sa pwopriyetè yo dwe fè ak sou sa lokatè yo ta dwe konnen, telechaje bwochi [Danje Penti abaz plon nan kay \(Peligros de la Pintura con Plomo en el Hogar\)](#) Reparasyon yo pral koute plis si HPD pibliye vyolasyon sou pwoblèm ki genyen ak penti a baz plon oswa si Depatman Sante jwenn yon timoun ki pran pwazon nan penti abaz plon. Donk, se pou nou vijilan lè n ap idantifye epi trete pwoblèm sa yo kòrèkteman.